Ис 1-2304-2301/121
Ревизия инстанциясында
баянатшы судья Д.Разов

Биринши инстанция судының судьясы Е.Бердиев

Апелляция инстанциясында
баянатшы судья Д.Сражатдинов

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ СУДЫ ЖЫНАЯТ ИСЛЕРИ БОЙЫНША СУДЛАЎ КОЛЛЕГИЯСЫ РЕВИЗИЯ ИНСТАНЦИЯСЫНЫҢ У Й Ғ А Р Ы Ў Ы

2025-жыл 25-июнь Нөкис қаласы

Қарақалпақстан Республикасы судының жынаят ислери бойынша судлаў коллегиясы төмендеги қурамда:

басшылық етиўши – усы суд баслығы орынбасары А.Адилов,

коллегия ағзалары - судьялар А.Аметов ҳәм Д.Разов,

судья аға жәрдемшиси К.Нурымбетовтың хаткерлигинде,

Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасы бөлим аға прокуроры А.Ниязымбетов,

судланыўшы XXXXXXтың қорғаўшы адвокаты К.Юсуповтың қатнасында,

жынаят ислери бойынша Қоңырат районы судының XXXXXX ҳәм XXXXXXлардың қарсысына шығарылған 2023-жыл 1-ноябрь күнги ҳүкими ҳәм Қарақалпақстан Республикасы суды жынаят ислери бойынша судлаў коллегиясы апелляция инстанциясының 2024-жыл 3-январь күнги уйғарыўы үстинен судланыўшы XXXXXX тәрепинен берилген шағым арзаға тийкар исти ашық суд мәжилисинде ревизия тәртибинде көрип шығып, төмендегилерди

а н ы қ л а д ы :

Судтың ҳүкими менен,

1992-жыл 1-март күни Қоңырат районында туўылған, миллети өзбек, Өзбекстан пуқарасы, мағлыўматы орта-арнаўлы, шаңарақлы (1 перзенти бар), алдын:

1) ЖИБ Қоңырат районы судының 10.04.2015-жылғы ҳүкимине көре, Өзбекстан Республикасы ЖКниң 169-статьясы 2-бөлими "в,г" бәнтлери менен 2 жыл мүддетке дүзетиў ислери жазасына судланған;

2) ЖИБ Қанлыкөл районы судының 08.06.2015-жылғы ҳүкимине көре, ЖКниң 169-статьясы 3-бөлими "а" бәнти менен ЖКниң 59-статьясы 8-бөлими ҳәм 61-статьясы тәртибинде 5 жыл 6 ай мүддетке еркинен айырыў жазасы тайынланып, ЖКниң 72-статьясына тийкар 1 жыл сынақ мүддети белгиленген;

а) ЖИБ Қоңырат районы судының 28.04.2016-жылғы уйғарыўы менен суд ҳүкимниң шәртлилиги бийкар етилип, 5 жыл 6 ай

Хужжат имзоланган: Разов Даулетбай Женисбаевич, 25.06.2025

мүддетке еркинен айырыў жазасы орынлаўға қаратылып, жазаны улыўма тәртипли колонияда өтеў белгиленген;

б) ЖИБ Қоңырат районы судының 16.03.2018-жылғы уйғарыўы менен еркинен айырыў жазасының өтелмеген 3 жыл 11 ай 25 күни ЖКниң 74-статьясына тийкар сол мүддетке дүзетиў ислери жазасына алмастырылған;

в) ЖИБ Қоңырат районы судының 18.06.2020-жылғы уйғарыўы менен дүзетиў ислери жазасының өтелмеген 1 жыл 9 ай 9 күн жаза мүддетинен ЖКниң 73-статьясына тийкар мүддетинен алдын шәртли рәўиште азат етилген (ЖКниң 78-статьясына тийкар судланғанлық ҳалаты тамамланбаған), Қоңырат районы "XXXXXXXXда жасаған, 04.05.2023-жылдан баслап жеке кепиллик түриндеги бас шарасы қолланылған XXXXXXке

Өзбекстан Республикасы ЖКниң 169-статьясы 3-бөлими "а" бәнти менен 5 жыл мүддетке еркинен айырыў жазасы тайынланған.

Тайынланған жазаны қатты тәртипли колонияларда өтеўи, жаза өтеў мүддети 2023-жыл 1-ноябрь күнинен баслап есапланыўы белгиленип, жеке кепиллик түриндеги бас шарасы бийкар етилип, суд залынан дәрҳал қамаққа алынған.

Айғақлы зат 23 метрлик бир дана резина шланг, ҳәр бири 20 метрлик 2 дана өрт өшириў шланглары, 1 дана қызыл реңли плоскогубцы, 1 дана қара реңли шапан жоқ қылыўға қаратылыўы;

айғақлы зат 1 дана цистерна мәмлекет пайдасына өткерилиўи;

"XXXXXX" маркалы, мәмлекет белгиси XXXXXX болған жүк автомашинасы нызамлы ийесине қайтарылыўы белгиленген.

7 тонна 140 кг «ЭКО дизтопливо» жанылғылары тилхат арқалы нызамлы ийесине тапсырылғанлығы итибарға алынған.

Пуқаралық даўагер ўәкилине усы жынаят иси бойынша өзине келтирилген басқада зыянлар бар болса пуқаралық ислери бойынша судында излениўге ҳуқықлы екенлиги түсиндирилген.

Қарақалпақстан Республикасы суды жынаят ислери бойынша судлаў коллегиясы апелляция инстанциясының 2024-жыл 3-январь күнги уйғарыўы менен суд ҳүкиминиң XXXXXXқа қараған тәрепи өзгериссиз қалдырылған.

Судтың ҳүкимине көре, судланыўшы қәўипли рецидивист XXXXXX Қоңырат районы «Қарақалпақстан» ППЖ аймағында жайласқан «China Road And Bridge Corporation» кәрханасында қорықлаўшы лаўазымында ислеўши XXXXXX пенен алдыннан тил бириктирип, бир топар болып, 2023-жыл 29-январь күнинен 2023-жыл 30-январь күнине өтер түнде саат 02:00лерде XXXXXXтың айтыўы менен танысы XXXXXXтың басқарыўындағы "XXXXXX" маркалы, мәмлекет белгиси XXXXXX болған жүк автомашинасы менен «China Road And Bridge Corporation» кәрханасының жанар май сақлаў шақапшасының арқа тәрепинен барып, кәрханаға тийисли жанылғы қуйыў шақапшасының қаңылтырдан исленген заборын

Ҳужжат имзоланган: Разов Даулетбай Женисбаевич, 25.06.2025

плоскогубцы жәрдеминде ашып, жанылғы қуйыў шақапшасы ишине нызамға қайшы түрде кирип, XXXXXX айтыўы бойынша “ЭКО-дизтопливо” дизель жанылғысы сақланатуғын цистернасын таўып, өзи менен алып келген резина шланглар жәрдеминде насостан пайдаланып, “XXXXXX” маркалы, мәмлекет белгиси 95Р830АА болған жүк автомашинасына салынған 8 тонна сыйымлықтағы цестернаға жәми баҳасы 98.019.620,7 сўмлық 7 тонна 140 килограмм муғдардағы “ЭКО-дизтопливо” жанылғысын қуйып алып, яғный жасырын түрде талан-тараж қылып, ўақыя орнынан жасырынған.

Судланған XXXXXX ревизия шағым арзасында, айыбына толық мойынлағанын, қылмысына пушайманлығын, шаңарағының жалғыз бағыўшысы екенлигин, жәбирлениўшиниң даўасы жоқ екенлигин, дүзелиў жолына өткетлигин итибарға алып, ЖКниң 57-статьясын қолланып жеңиллирек жаза қоллаўды сораған.

Судлаў коллегиясы судьяның баянатын, прокурордың суд қарарларын өзгериссиз қалдырыўды, қорғаўшы адвокаттың шағым арзаны қанаатландырыўды сораған пикирлерин тыңлап, шағым арзадағы ўәжлерди ис материаллары менен бирге тексерип шығып ҳәм оларға баҳа берип, төмендегилерге тийкар суд қарарларын өзгериссиз қалдырыўды лазым тапты.

Биринши инстанция суды тәрепинен ис бойынша дәлиллениўи лазым болған ҳәмме жағдайлар муқыятлық пенен, ҳәр тәреплеме, толық ҳәм объектив тексерилип, судланыўшы XXXXXXтың жынайый ҳәрекетлери ЖКниң 169-статьясы 3-бөлими “а” бәнти менен дурыс квалификация қылынған.

Судланыўшы XXXXXXтың айыбы, өзине қойылған айыпты биринши инстанциясы судында толық мойынлап берген көрсетпеси, жынаят иси жүзесинен соралған пуқаралық даўагердиң ўәкили ҳәм гүўалардың көрсетпелеринен тысқары, яғный;

- Қоңырат районы ИИБ баслығы атына 29.01.2023-жылы “Раўшан” АПЖ аймағында XXXXXXтың басқарыўындағы “XXXXXX” маркалы, мәмлекет белгиси XXXXXX болған жүк автомашинасында 5 тоннаға жақын солярка анықланғанлығы ҳаққындағы билдирги менен;

- айғақлы затларды алыў ҳаққында баяннама ҳәм фото сүўретлери менен;

- XXXXXXтың телефон аппаратын көзден өткериў ҳаққындағы баяннамасы ҳәм фото сүўретлери менен;

- ўақыя орнын көзден өткериў ҳаққындағы баяннамасы, ўақыя орны схемасы ҳәм фото сүўретлери менен;

- айғақлы затты алыў ҳаққындағы баяннамасы ҳәм фото сүўретлери менен;

- XXXXXXтың телефон аппаратын көзден өткериў ҳаққындағы баяннамасы ҳәм фото сүўретлери менен;

- транспорт қуралын көзден өткериў ҳаққындағы баяннамасы, ўақыя орны схемасы ҳәм фото сүўретлери менен;

Ҳүжжат имзоланган: Разов Даулетбай Женисбаевич, 25.06.2025

- XXXXXXтың көрсетиўлерин ўақыя орнында тексериў ҳаққындағы баяннамасы ҳәм оған қосылған фото сүўретлер менен;
- XXXXXXтың көрсетиўлерин ўақыя орнында тексериў ҳаққындағы баяннамасы ҳәм оған қосылған фото сүўретлер ҳәмде истеги басқада объектив дәлиллер жыйындысы менен толық тастыйықланған.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 20-статьясында, мәмлекетлик уйымлар тәрепинен инсанға қолланылатуғын ҳуқықый тәсир шаралары сәйкеслик принципине тийкарланыўы ҳәм нызамларда нәзерде тутылған мақсетлерге ерисиў ушын жетерли болыўы кереклиги белгиленген.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының 2023-жыл 23-июньдеги "Әдил судлаўды әмелге асырыўда Өзбекстан Республикасы Конституциясы нормаларын туўрыдан-туўры қоллаўдың айырым мәселелери ҳаққында"ғы 16-санлы қарарының 6-бәнтинде, судлар Конституцияның 20-статьясы талапларынан келип шығып, шахсқа қарата қолланылатуғын ҳуқықый тәсир шаралары сәйкеслик принципине тийкарланыўы ҳәм нызамларда нәзерде тутылған мақсетлерге ерисиў ушын жетерли болыўы кереклигин инабатқа алыўлары зәрүрлиги ҳаққында түсиндириўлер берилген.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының 2006-жыл 3-февральдағы «Судлар тәрепинен жынаят ушын жаза тайынлаў әмелияты ҳаққында»ғы 1-санлы қарарының 3-бәнтинде, Жынаят кодексиниң 8,54-статьялары мазмунына көре, жаза әдил болыўы, ҳәр бир жағдайда индивидуал тайынланыўы, жынаяттың түри ҳәм жәмийетлик қәўиплилик дәрежесине, айыпланыўшының шахсына, сондай-ақ жазаны жеңиллестириўши ҳәм аўырластырыўшы жағдайларына муўапық болыўы кереклиги ҳаққында түсиндириўлер берилген.

Апелляция инстанциясы суды ҳәм ис ҳалатларын толық, ҳәр тәреплеме муқыятлық пенен үйренип шығып, XXXXXXтың шағым арзасындағы ўәжлерине баҳа берип, биринши инстанция суды ҳүкимин өзгериссиз қалдырып, дурыс жуўмаққа келген.

Өзбекстан Республикасы ЖПК $524^4$-статьясы 1-бөлими 1-бәнти талабына көре, Қарақалпақстан Республикасы суды жынаят исин ревизия тәртибинде көрип шығып, оның нәтийжелерине көре биринши инстанция, апелляция яки кассация инстанциясы судының ҳүкимин, уйғарыўын өзгериссиз қалдырыў, ревизия тәртибинде берилген шағым арзаны, протестти болса қанаатландырмастан қалдырыў ҳаққында қарар қабыл етиўге ҳақылы.

Судлаў коллегиясы жоқарыдағыларға тийкар, судланған XXXXXXтың шағым арзасындағы ўәжлери менен келиспеди ҳәм ис бойынша қабыл етилген биринши инстанция судының ҳүкимин ҳәмде апелляция инстанция судының уйғарыўын өзгертириўге ҳәм бийкар етиўге тийкарлар жоқ деп есаплайды.

Өзбекстан Республикасы ЖПКниң 510, $521^3$, $521^4$, $521^6$-статьяларына әмел етип, судлаў коллегиясы

Хужжат имзоланган: Разов Даулетбай Женисбаевич, 25.06.2025

у й ғ а р д ы:

Жынаят ислери бойынша Қоңырат районы судының XXXXXX ҳәм XXXXXXтың қарсысына шығарылған 2023-жыл 1-ноябрь күнги ҳүкиминиң ҳәм Қарақалпақстан Республикасы суды жынаят ислери бойынша судлаў коллегиясы апелляция инстанциясының 2024-жыл 3-январь күнги уйғарыўының XXXXXXке қараған тәрепи өзгериссиз қалдырылсын.

Шағым арза қанаатландырылмасын.

Ревизия инстанциясы судының уйғарыўы үстинен Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды жынаят ислери бойынша судлаў коллегиясына ревизия тәртибинде шағым арза яки протест берилиўи мүмкин.

Басшылық етиўши А.Адилов

Коллегия судьялары А.Аметов

Д.Разов

Уйғарыў көширмеси
негизинен дурыс ________________________________ Д.Разов

Хужжат имзоланган: Разов Даулетбай Женисбаевич, 25.06.2025